



**KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA
KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN WONOSOBO
FKKM MTs KABUPATEN WONOSOBO**

Alamat: Jl. Banyumas KM 04 Wonosobo 56361 Telp:(0286)322386

SUMATIF AKHIR SEMESTER (SAS) GASAL

TAHUN PELAJARAN 2023-2024

Mata Pelajara : Bahasa Jawa	Hari / Tanggal	: Jum'at, 8 Desember 2023
Kelas : VII (Tujuh)	Waktu	: 07.30-09.00 WIB

A. PILIHAN GANDA

Pilihana wangsulan kanthi menehi tandha silang (X) ing tandha A,B,C utawa D!

1. Kang kalebu tuladha irah-irahan crita pengalaman pribadhi ngisor iki yaiku....
 - A. asal usul Telaga Menjer
 - B. cerita lampahipun walisanga
 - C. dolan ana ing alun-alun Wonosobo
 - D. mangsa udan Kabupaten Wonosobo
2. Kang kudu ana ing crita pengalaman yaiku wektu, apa sebabe?
 - A. wektu ndadekake isi crita pengalaman pribadhi luwih jelas
 - B. wektu ndadekake urutan kedadayan crita pengalaman luwih jelas
 - C. wektu ndadekake watak paraga crita pengalaman
 - D. wektu ndadekake tema crita pengalaman luwih cetha
3. Nalika maca crita pengalaman, kudu nganggo swara kang cetha, apa sebabe?
 - A. crita pengalaman bisa dimangerteni watak paragane
 - B. crita pengalaman bisa dimangerteni swasanane
 - C. crita pengalaman bisa dimangerteni isine
 - D. crita pengalaman bisa dimangerteni prakarane
4. Jinising kedadayan lan urutaning kedadayan kalebu ana ing.....
 - A. unsur crita pengalaman
 - B. kang kudu ana ing crita pengalaman
 - C. jinising crita pengalaman
 - D. titikane crita pengalaman
5. Crita asal usul Telaga Menjer kalebu jinising crita apa? Apa sebabe?
 - A. mite, amarga ngandharake asal-usul panggonan
 - B. legendha, amarga ana gegayutane marang agama
 - C. legendha, amarga ngandharake asal-usul paggonan
 - D. mite, amarga ana gegayutane marang agama
6. Latar ana ing crita kaperang dadi 3 jinis, kang kalebu tuladha latar panggonan ing ngisor iki yaiku.....
 - A. Deni kuwi bocah sregep, mulane dadi juara kelas
 - B. dina iki aku tuku tas sekolah karo ibuku ana pasar Wonosobo
 - C. mas Faza nesu, amarga sepatune ilang
 - D. aku tuku buku warna abang, bukune gambar upin ipin

7. Ragam basa ana ing crita pengalaman kuwi kaperang dadi loro, yaiku Ngoko lan Krama, ing ngisor iki kang kalebu tuladha ukara migunakake basa Krama kang trep yaiku....
 - A. Bapak tindak kantor jam pitu esuk
 - B. Ibu ngagem klambi warna biru
 - C. Ibu tindak kondangan numpak sepedha motor
 - D. Bapak tindak kantor nitih sepedha motor
8. Cara milang angka ana ing basa basa krama kang trep ing ngisor iki yaiku.....
 - A. 65 (suwidak gangsal)
 - B. 65 (nemdasa gangsal)
 - C. 25 (gangsal likur)
 - D. 25 (kalih dasa gangsal)
9. Tema crita pengalaman kang trep karo irah-irahane yaiku....
 - A. tema kesehatan “Tuku Obat Nang Puskesmas”
 - B. tema pendidikan “Nonton Moto GP”
 - C. tema kebudayaan “Tuku Beras Nang Warung”
 - D. tema ekonomi “Nonton Tari Lengger”
10. Kang ora kalebu jinising latar ana ing unsur intrinsik cerita yaiku....
 - A. latar watak
 - B. latar swasana
 - C. latar wektu
 - D. latar panggonan

Crita pengalaman ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 11-20

Melu Lomba Maca Geguritan

Dina Senen, 9 Oktober 2023, aku lan kanca-kancaku melu lomba maca geguritan ana ing pendhapa Kabupaten Wonosobo. Lomba maca geguritan kalaksanan tabuh 08.00 esuk. Aku lan kanca-kancaku yaiku Ayu lan Dimas wis teka ana ing sekolah tabuh 07.00 esuk. Tabuh 07.15 aku sakanca lan Pak Guru budhal menyang panggon lomba. Peserta lomba kang ana ing kana wis akeh, atiku seneng banget amarga bisa oleh pengalaman saka kagiyatan lomba iki. Lomba maca geguritan diwiwiti tabuh 08.00, kang maju pertama saka sekolahku yaiku Dimas. Dimas maca geguritan kang irah-irahane “Aku Duwe Kekarepan”, diwaca dening Dimas kanthi swara seru lan semangat, trep karo geguritane. Sawise Dimas maca geguritan, giliran Ayu kang maca geguritan kang irah-irahane “Kembang Melati” swarane Ayu kang alus nanging tetep seru mantep macakake geguritan. Pungkasane, tekan giliranku maca geguritan kang irah-irahane “Sumpah Pemuda, Identitas Bangsa”. Nalika arep maca geguritan, aku ngrasa gugup, amarga ditonton marang wong akeh, nanging aku bisa maca geguritan kanthi semangat.

11. Paraga kang ora ana ing wacan dhuwur yaiku.....
 - A. Dimas
 - B. Aku
 - C. Pak Guru
 - D. Juri Lomba
12. Pranyatan ngisor iki kang trep ana ing wacan ndhuwur yaiku....
 - A. Saben peserta lomba duwe irah-irahan geguritan kang padha
 - B. Lomba diwiwiti tabuh 07.15 esuk
 - C. Papan lomba ana ing Pendhapa Kabupaten Wonosobo
 - D. Pasarta lomba maca geguritan cacahé ora akeh

13. Pranyatan ngisor iki kang ora trep ana ing wacan ndhuwur yaiku.....
- A. Paraga aku budhal saka sekolah tabuh 07.00 esuk
 - B. Irah-irahan geguritan kang diwaca Dimas yaiku “Aku Duwe Kekarepan”
 - C. Nalika arep geguritan, paraga aku ngrasa gugup
 - D. Kang maca geguritan urutan nomer loro yaiku Ayu
14. 9 Oktober 2023, Manawa kaserat dadi basa krama yaiku.....
- A. Sanga Oktober kalih ewu telu likur
 - B. Sanga Oktober kalih ewu tiga likur
 - C. Sanga Oktober rong ewu tiga likur
 - D. Sanga Oktober rong ewu telu likur
15. Tembung **irah-irahan** ana ing waca ndhuwur nduweni teges.....
- A. Lirik
 - B. Karya
 - C. Puisi
 - D. Judul
16. Unsur intrinsik kang trep ana ing wacan ndhuwur yaiku.....
- A. paraga: lomba maca geguritan
 - B. latar panggon : pendhapa Kabupaten Wonosobo
 - C. latar wektu : tabuh 08.00 ana ing sekolah
 - D. latar swasana : sing melu lomba ora akeh pesertane
17. Tema kang dienggo wacan ndhuwur yaiku....
- A. kesehatan
 - B. pendhidikan
 - C. ekonomi
 - D. politik
18. Miturut wacan ndhuwur, saka tabuh 07.15 nganti tabuh 08.00 WIB lomba kawiwitan, ana pirang menit? yen katulis ana ing basa krama, kepiye carane milang angkane?
- A. tigangdasawata lima menit
 - B. sekawandasa gangsal menit
 - C. telungpuluh lima menit
 - D. patangpuluh gangsal menit
19. Piwulang luhur miturut wacan ndhuwur yaiku....
- A. dadi siswa kudu bisa golek akeh pengalaman, kayata melu lomba
 - B. dadi siswa kudu rajin melu lomba geguritan ana ing kabupaten
 - C. domba geguritan, paling apik dianakake ana ing Pendhapa Kabupaten
 - D. gelem melu lomba, mesti oleh juara saka Kabupaten
20. Saka wacan ndhuwur, kadhapuk ana pirang paraga? Sapa wae paragane?
- A. paragane ana 3, yaiku Pak Guru, Aku, Dimas, lan Ayu
 - B. paragane ana 4, yaiku Pak Guru, Aku, Dimas, lan Bayu
 - C. paragane ana 4, yaiku Aku, Pak Guru, Dimas, lan Ayu
 - D. paragane ana 3, yaiku Aku, Dimas, lan Ayu
21. Ing ngisor iki kang kalebu wujud crita rakyat gayut karo pagertene yaiku.....

- A. crita fiksi, yaiku crita kang isine ngayawara
 - B. crita fiksi, yaiku crita kang isine sanyatane
 - C. crita non fiksi, yaiku crita kang isine ngayawara
 - D. crita non fiksi, yaiku crita kang isine direka-reka
22. Cerita Dumadine Gunung Tangkuban Pahu, kalebu jinising legendha, kenangapa?
- A. amarga paragane cerita kewan
 - B. amarga nyeritakake jagading leelmbut
 - C. amarga nyeritakake asal-usul kadadeyan panggonan
 - D. amarga nyeritakake sejarah tokoh agama
23. Cita Kancil Nyolong Timun kalebu jinising crita apa? apa sebabe?
- A. kelebu mithe, amarga paraga kang guneman arupa kewan
 - B. kalebu fabel, amarga paraga kang guneman arupa kewan
 - C. kalebu legendha, amarga paraga kang guneman arupa kewan
 - D. kalebu dongeng, amarga paraga kang guneman arupa kewan
24. Kenangapa crita fabel, mite, saha legendha kalebu crita nonfiksi?
- A. amarga nyaritakake bab kang ngayawara
 - B. amarga nyaritakake bab kang sanyatane
 - C. amarga nyaritakake bab kang dadi dumadining panggon
 - D. amarga nyaritakake bab kang dadi sejarah wisata
25. **Sawise Andi bali seka candi Prambanan, Andi ngrasakake seneng lan terhibur.** kagunan crita rakyat kang ana ing pranyatan kuwi yaiku.....
- A. didaktif
 - B. moralitas
 - C. religius
 - D. rekreatif
26. Ing ngisor iki, kang kalebu jinising kagunan crita rakyat yaiku.....
- A. anonim
 - B. statis
 - C. imajiner
 - D. moralitas
27. Pranyatan ngisor iki kang kalebu kagunan crita rakyat estetis yaiku....
- A. Dini kesengsem marang crita asal usul candi Prambanan
 - B. Joko dadi ngrasa terhibur, nalika bali saka Candi Prambanan
 - C. Ayu ngrasa, yen Kawah sikidang kuwi nduweni pemandangan kang endah
 - D. Sinta ngrasa, yen dheweke saiki kudu luwih bisa rajin sholat
28. Ing ngisor iki kang ora kalebu jinising kagunan crita rakyat yaiku....
- A. anonim
 - B. didaktif
 - C. religius
 - D. moralitas
29. Pranyatan ngisor iki kang ngemu tuladha kagunan crita rakyat yaiku.....
- A. saben dina Senin, sekolahku nganakake upacara bendera
 - B. sawise aku wisata ana ing telaga menjer, aku ngrasa seneng banget

- C. nilka aku wisata ana ing Candi Borobudur, jebule candi kuwi mapan ana ing propinsi Jawa Tengah
- D. nalika dina Jemuah, sekolahku nganakake senam sehat
30. Pranyatan ngisor iki, kang kalebu tuladha paraga protagonis yaiku.....
- A. Tias iku bocah sing lembah manah, dheweke seneng tetulung marang liyan
- B. dina Senen wingi, Dina dipanggil ana ing ruang BK, amarga konangan nyolong jajan ana ing kantin
- C. Bayu kuwi pancen bocah kang seneng gawe crah kancane
- D. Sasti kena pukuman seka wasit pertandhinga, amarga licik anggone melu tandhing
31. **Bapak nedha sega goreng wonten warung makan.** Tembung kang ora trep panganggone gayut karo unggah-ungguh basa yaiku.....
- A. nedha, goreng
- B. bapak, warung
- C. nedha, sega
- D. sega,wonten
32. Ukara “**Aku lunga menyang sekolah**” kalebu jinising ragam basa apa? Apa sebabe?
- A. ngoko lugu,amarga kabeh ukarane nganggo basa ngoko
- B. ngoko alus, amarga kabeh ukarane nganggo basa ngoko
- C. ngoko lugu, amarga ukarane wis kecampus basa krama
- D. ngoko alus, amarga ukarane wis kecampus basa krama
33. Unine sandhangan swara kang trep ana ngisor iki yaiku.....
- A. wulu = swara u
- B. suku = swara u
- C. pepet = swara i
- D. taling tarung = swara i
34. Carita legendha Rara Mendut kalebu jinising legendha apa? Apa sebabe?
- A. legendha sawijining papan, amarga ngandharake asal-usul dumadine panggon
- B. legendha pawongan, amarga ngandharake wong-wong tartamtu kang dianggep nyata
- C. legendha keagamaan, amarga ngandharake bab kang religius
- D. legendha alam ghaib, amarga ngandharake bab jagading lembut
35. Ukara “**Pak RT, njenengan arep tindak ngendi ta?**” kalebu jinising ragam basa apa? Apa sebabe?
- A. ngoko lugu,amarga kabeh ukarane nganggo basa ngoko
- B. ngoko alus, amarga kabeh ukarane nganggo basa ngoko
- C. ngoko lugu, amarga ukarane wis kecampus basa krama
- D. ngoko alus, amarga ukarane wis kecampus basa krama

B. PILIHAN GANDA KOMPLEKS

Pilihana loro (2) jawaban sing kok anggap bener

36. Ing ngisor iki kang kalebu tuladha jinising crita fiksi gayut karo irah-irahane yaiku.....
- A. cerita Legendha: asal usul Kabupaten Wonosobo
- B. cerita Fabel: Dongeng Rara Mendut
- C. cerita Mite: Kancil Karo Baya
- D. cerita Mite: Dongeng Rara Jonggrang

37. Kang kalebu tuladha cariyos pengalaman pribadhi yaiku....
- ragam unggah-ungguh basa Jawa kuwi ana loro, yaiku basa Ngoko lan basa Krama
 - Hari Santri Nasional tahun iki, aku melu lomba tilawah, aku seneng bisa oleh akeh pengalaman
 - nalika aku isih cilik biyen, aku dijak dolan ana pasar malem bareng Bapakku
 - jinising crita kuwi ana loro, yaiku crita fiksi lan crita nonfiksi
38. Kang ora kalebu tetenger narasi sugestif ing ngisor iki yaiku.....
- jembarake wawasan utawa pangerten
 - adhedhasar nalar supaya padha sarujuk
 - beberake makna sinandhi
 - basa figuratip, tembung konotatif
39. Tetenger narasi sugestif yaiku nguripake pangangen-angen pamaca, apa kuwi tegese?
- narasi sugestif ndadekake pamaca bisa duwe daya imajiner
 - narasi sugestif ndadekake pamaca nambah wawasan
 - narasi sugestif ndadekake pamaca bisa nalar isi wacan
 - narasi sugestif ndadekake pamaca bisa bebas nemtokake kahanan ana ing wacan
40. Cerita pengalaman pribadi kalebu jinising wacan narasi apa? Apa sebabe?
- narasi ekspositori, amarga crita pengalaman pribadi beberake katrangan bab prastawa
 - narasi sugestif, amarga crita pengalaman pribadi kalebu karangan kang asipat nyata
 - narasi ekspositoris, amarga crita pengalaman pribadi kalebu karangan kang asipat nyata
 - narasi sugestif, amarga crita pengalaman pribadi nguripake pangangen-angen pamaca

Wacan ngisor iki kanggo pitakonan nomer 36-38

Sekaten asale saka basa Arab yaiku “syahadatain”, kang kadhapuk saka rong tembung syahadat ing agama islam. Sekaten yaiku acara kanggo mengeti dinten ambalwarsanipun Nabi Muhammad SAW. Upacara Sekaten iku dianakake saben setaun pisan ing saben **tanggal** 5-11 **sasi** Jawa Mulud (Rabiulawal taun Hijriah) ing Alun-Alun Lor Surakarta lan Yogyakarta. Upacara iki jaman biyen dipandegani dening Sultan Hamengkubuwana I, pandiri Kraton Yogyakarta kanggo ngundang masarakat mlebu agama islam.

41. Saka pethikan wacan ing dhuwur, kalebu jinising Teks Narasi Ekspositoris, apa sebabe?
- nguripake daya imajiner pamaca kanggo nggambarake swasana Sekaten
 - jembarake wawasan pamaca, kayata kagunan dianakake Sekaten
 - mbeberake katrangan bab prastawa, kayata wektu dianakake Sekaten
 - isi wacan ana makna kang kudu digoleki artine, kayata asal-usul tembung Sekaten
42. Tembung **tanggal** lan **sasi** ing wacan ndhuwur isih nganggo basa Ngoko, Manawa diowahi dadi basa krama tembung kang trep yaiku....
- tanggal = surya
 - sasi = warsa
 - tanggal = wulan
 - sasi = wulan
43. Pranyatan ngisor iki kang trep ana ing wacan ndhuwur yaiku.....
- Sekaten kalebu jinising kabudayan lokal
 - Sekaten dianakake saben sasi Jawa Mulud
 - Sekaten kadhapuk asale saka basa Jawa
 - Sekaten dianakake suwene ana 10 dina

44. Jinising Aksara Nglegena kang trep panulisanane yaiku...

- A. Ca = 17
- B. Ta = 15
- C. Pa = 21
- D. Ma = 19

45. Kang ora kalebu jinising sandhangan swara yaiku....

- A. wignyan
B. layar
C. suku
D. pepet

46. ᮊᮘᮔ᮪ᮒᮕᮗᮓᮥᮒᮦᮒᮐᮨᮒ Sandhangsan kang ora ana ing wacan kasebut yaiku...

- A. Pepet
B. Suku
C. Taling
D. Taling tarung

47. Apa kuwi sandhangan panyigeging wanda?

- A. sandhangan kang gunane kanggo menehi swara
B. sandhangan kang gunane kanggo ngapit Aksara Angka
C. sandhangan kang gunane kanggo nyigeg wanda
D. sandhangan kang gunane kanggo mateni swara

48. Ukara ngisor iki kang trep migunakake sandhangan Taling yaiku...

- A. ပူ ဖြေကျွေးကျွေးပါ။

49. Panulisan aksara kanggo tembung ngisor iki kang trep yaiku.....

- [illegible]

50. Pranyata ngisor iki kang trep marang panulisan Aksara Jawa yaiku.....

- A. $\Pi \Pi \Pi \Pi = \text{Na suku} + \text{Ta suku} + \text{Sa pangkon}$

B. $[[\text{M}]] = \text{Ca pepet} + \text{Ra wulu} + \text{Ta Legena}$

C. $\parallel$ $\text{Sa wulu} + \text{Na Legena} + \text{Ha wulu}$

D. ᮊᮘᮔ᮪ᮒᮘᮔ᮪ = Sa taling tarung+Pa Legena+Na pangkon